ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАУЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИУ МИНИСТИРЛИГИ.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.

Қарақалпақ тили филологиясы факултети.
Журналистика тәлим бағдары.
Қарақалпақ классик әдебияты.

# РЕФЕРАТ

Тема: Сарыбай шайырдын «Жарганат пенен айтыс» тымсалы.

Таярлаған: Оразбаева Ә.
Қабыллаған: Алламбергенова И.

Нөкис 2012.

## ***Жоба:***

## ***Кирисиў***
## ***Тийкарғы бөлим***

1. *Сарыбай қарақалпақ әдебиятында биринши тымсалшы шайыр.*
2. *Сарыбайдың «Жарғанат пенен айтыс» тысалының идеясы ҳәм тематикасы.*

3. *«Жарғанат пенен айтыс» тымсалында мифлик сюжетлердиң қоланылыўы.*

*Жуўмақлаўшы бөлим.*

*Пайдаланылған әдебиятлар.*

# ***Кирисиў.***

*XIX әсирдиң екинши ярымында жасаған көрнекли қарақалпақ шайырларының бири – Сарыбай. Оның дөретиўшилиги ревалюцяға шекемги әдебиятымыздан көптен барли орын алып киятыр. Бирақ шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында мағлыўматлар еледе жеиерли емес. Қолдағы бар мағлыўматлар оның 1830- жылы туўылып, 1898-жылы қайтыс болғанын көрсетеди. Ол ҳәзириги  Тахтакөпир районының аймағында жасаған. Шайырдың әке-шешеси, туўған – туўысқанлары оғада жарлы адамлар болған. Олар киси есигинде жалланаўшылар болған. Сарыбайдың өзи де жастан турнмыстың қысыўметлерин, хорлақлы өмирдиң барлық қыйыншылықларын бастан кеширген.*

*Сарыбайдың заманласы ҳәм өзиндей қайғылы заманға ортақлас Гүлмират шайыр «Сарыбай менен айтыс» қосығында Сарыбайдың пүткил өмир баянын сәўлелендирип береди. Бул шығармада тийкарынан, үлкен ҳақыйқатлық, турмыстың реаль көринислери сәўлеленеди. Гүлмират Сарыбайдың әке-шешесиниң күтә жарлы болғанын сүўретлеп төмендеги қатарларды жазады.*

*«... Айқын бозға егин ексе питпеген,*

*Бул дүняда бир жақтылық көрмеген,*

*Сарыбай жартыўмаш әкең бар еди,*

*Жаман тоны дизесине жетпеген.*

*Усы қатарларда Сарыбайдың қандай семядан шыққаны, оның мал-мүлки болмай, ҳәттеки ас қатықтыда кисиден сораныўшы болғаны анық көринеди. Заман ақыбети жарлы семьяны сондай ақырет хорлықларға шатады.*

*Турмыстың шыдымаслық аўырманлығын шайыр да өз басынан кеширеди. Бул туўралы Гүлмурат шайыр Сарыбай ҳаққында төмендеги мағлыўматларды келтиреди:*

*«Кимниң сөгис, кимниң жедиң таяғын,*

*Қол қаўсырып күттиң келген қонағын,*

*Қысы-жазы еки батпан тарыға,*

*Бағып едиң Ерназардың ылағын»...*

*Буған қарап, шайырдың киси есигинде малай болып қара қара күшинсатып жүргени анықланады.*

## 1. Сарыбай қарақалпақ әдебиятында биринши тымсалшы шайыр.

*Сарыбай дөретиўшилигиниң характерли жағы, ол тымсалшы ҳәм усы жанырды қарақалпақ әдебиятында қәлиплестирген шайыр ретинде көзге түседи. Сарыбайдың тымсал қосықлары аз болса да, бар тымсаллардың өзи де шайырдың шебер тымсалшы болғанлығынан дерек береди. Бизиң ойымызша шайырдың тымсаллары көп болған болыўы керрек. Себеби, қолда бар тымсаллардың өзи шайырдың бул жанырда жетилискенин, өз өнериниң устасы болғанын көрсетеди.*

*Шайырдың тымсал жазыўының тийкарғы дереги қарақалпақ халқының аўызеки әдебиятын пухта өзлестириўинде екени анық. Халық аўызеки әдебиятында ат, қус ҳәм басқа да ҳайўанлардың адамша сөйлеўи, оларда адам минез қулқының болыўы жийи ушрасады.*

*Сарыбай шайыр тымсал шығармаларында өз дәўириндеги халық массасының аўыр турмысын, мийнеткеш халықтың үстем класс топарлары тәрепинен қатты езилиўлерин сәўлелендириў менен бирге, үлкен социаллық- жәмийетлик мәселени қозғайды. Бул тымсалларда социал теңсизликтиң мийнеткеш халықтың, соның ишинде шайырдың да ҳәдден тыс*

*езилиўде, бахытсызлықта, аш- аптадалықта екени көрсетиледи. Мысалы, Сарыбайдың «Жарғанат пенен айтыс» тымсалын алып көрейик. Бул айтыста тек жарғанат пенен адамның әпўайы айтысы ғана емес, онда белгили мазмун, социал мәни байанланады.*

*«Жарғанат пенен айтыс» тымсалындағы характерли жағдайдың тағы бири- залым патша образы тийкарында шайырдың көз алдында Хийўа ханының жабайылық зулымлықлары турады. Хийўа ханы қол астындағы қарақалыақлырдың Россия қол астына өткенлери ҳаққында патша ҳәкимлериниң көп мағлыўматоа жазғанлығы мәлим. Усы жағдай тымсалда да астарлы мәниде сүўретленеди:*

*«Арқа жаққа аўыстың,*
*Бул жерге зорға қуўыстың,*
*Айтып сөзимди таўыстым,*
*Жолың болғай жарғанат».-*

*деген қатарлар жоқарыдағы пикирлерди дәлиллейди.*

## 3. «Жарғанат пенен айтыс» тымсалында мифлик сюжетлердиң қоланылыўы.

*«Жарғанат пенен айтыс» тымсалында халық аўыз әдебиятының тәсири, белгили мифлердиң излери сезиледи. Бирақ шайыр тымсалды халық аўыз әдебиятынан пайдаланыў менен бирге оны өз мақсетине сәйкеслендиргенин ҳәм шеберлик пенен ислегенин дерек береди. Тымсалда халық аўызеки әдебиятында ушрасатуғын улайман патша ҳаққындағы мифлердиң излери болса да, тымсал өз дәўириниң ҳақыйқатлығын бериўге қаратылған. Әлбетте арыбай өзиниң тымсалында бул аңызлардан пайдаланған болыўы мүмкин. Бирақ аңызды сол турсында көширмей белгили бир мақсетке бола пайдалана билген, яғный бул миф Сарыбайдың тымсал айтысына келип өзиниң мазмунын пүткиллей өзгертип формалық айырым белгилерди ғана сақлап қала алған. Сарыбаы шайыр бул мифлик форма арқалы болса ертеднги Сулайман патшаның зулымлы2ын емес, өз дәўириниң картинасын Хийўа ханларының жаўызлық, езиўшилик сыясатын ашып бериўди нәзерде тутқан.*

*Миф мазмуны тымсалда жаңаша түс ал2ан. Ондағы жарғанаттың пәрсиз қалғанлығы менен тек қаранғыда ушыўшы қус екенлигине поэтикалық мәни жүклеп отырғанлығынан да көремиз. Бул арқалы арыбай жарғанатты аш-әптада жалаңаш мийнеткеш масса етип көрсетип оның жасап атырған жәмийеттиң тар, қаранғы қәпеске теңейди. Жарғанат мине иусындай заманда «ушыўшы» жасаўшы жарлы адамның образы.*

*Шайыр шығармада бул мазмунды әпўайы айтыў менен ғана шекленип қалмай, үстем топарлардың мийримсизлиги ақмақлығы үстинен ғәзеп пенен күле отырып жарғанаттың тилинде олардың баслы мақсетиниң неде екенлигин де ашып таслайды*

*Қустың сүйегин жыйдырып,*
*Ҳәммесин жерге үйдирип,*
*Қул қылып бәрин күйдирип,*
*Жоқ қылмақ болды адамзат*

*Мине буннан көринип турғанындай жарғанаттың тили арқалы шайыр астарлы мәнисте сол дәўирдеги жәмийетлик теңсизликлерди, қыйыншылықларды бул шығармасында жақсы көрсетип бере алған.*

## *2. Сарыбайдың «Жарғанат пенен айтыс» тымсалының идеясы ҳәм тематикасы.*

*Сарыбайдың «Жарғанат пенен айтыс» тымсалы терең идеяға, социал мазмунға ийе шығарма. Бул шығармада да шайыр астарлы сөзлер арқалы мийнеткеш халықтың социаллық ж1мийетлик дүзиминиң теңсизлиги ақыбетинен түрли қиянетлеоге, зорлыққа ушрғанын сүўретлейди. Әсиресе бай-феодаллардың, дин ўәкиллериниң салықтан аман қалып, салықтың аўырманлығы мийнеткеш халық басына түскени ашық бериледи.*

*Сарыбай:*

*«Қарап турсам келбетиңе,*
*Сын-сымбат ҳәм қәлпиңе*
*Не бәле болды пәриңе,*
*Жардағы турғанжарғанат.»- деп саўал берсе, жарғанат бул саўалға төмендегише жуўап қайтарады:*

*Жуўап берсем усы сөзге,*
*Мәкан жайым айтсам сизге,*
*Қысым еткен патша бизге,*
*Сонлықтан жоқ болды пәрим.*

*Шайыр жарғанат тили менен патшалық дүзимди әшкаралап патшаның жаўызлығын, халыққа да, жанлы мақлуққа да мийримсиз екенин көрсетеди.*

## ***Жуўмақлаўшы бөлим.***

*Сарыбай тымсаллары өзине тән өзгешеликлерге ийе. Ол тымсалдың қурылысын тымсалға тийкар етип алған қус пенен сөйлесиў (диалог) түринде берип, сөзди әўеле шайырдың өзи баслайды, соннан нәзерде тутқан қусы жуўап берип, аўҳалын баянлайды ҳәм айтыс басланады. Басқа шайырлардың бир қатар тымсалларында астарлы түрде конкрет турмыс, мийнеткеш халықтың аянышлы аўҳалы көбирек көринеди. Сарыбай тымсалдың обектин қарақалпақ халқының турмысының өзинен алынған. Оның тымсалдағы образлары халыққа оғада түсиникли. Тилинде образында халық түсинбей қалатуғын ҳеш нәрсе сезилмейди. Шайыр дөретиўшилигиниң бундай тәреплери оны халыққа күтә жақын еткен.*

***Слайд.***


Сарыбай шайырдың
Дөретпелери.
«Жарғанат пенен айтыс»
«Шымшық пенен айтыс»
«Қурысын жасым қурысын
Сарыбай шығармаларын жыйнаған илимпазлар.
С. Маўленов.
Ш. Хожаниязов

## *Пайдаланылған әдебиятлар.*

1. ***А. Алламбергенов. «Қарақалпақ әдебиятында айтыс».***
2. 